

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Panalungtikan**

Karya sastra mangrupa salah sahiji hasil rinéka cipta manusa anu dijanggélngkeun dina média basa. Eusina bisa ngawengku ébréhan pikiran, pangalaman, kahayang, rasa, jeung cita-cita. Sastra ogé bisa disebut hasil kréasi manusa kalawan miboga fungsi pikeun sarana éksprési diri. Éta hal luyu jeung pamadegan Rene Wellek (1995, kc. 3) anu nyebutkeun yén ‘karya sastra téh mangrupa salah sahiji karya seni anu dihasilkeun ku cara kagiatan kréatif.

Ku kituna bisa katitén, yén sastra téh raket patalina jeung kagiatan jiwa (émosi) hiji jalma, nya éta pikeun nohonan pangabutuh batin, boh pikeun nu nyiptana (kreator) boh pikeun nu macana (aprésiator).

Patali jeung éta hal, Jakob Sumarjo jeung Saini KM (1983, kc. 3) kungsi méré watesan yén ‘sastra téh nya éta éksprési pribadi manusa minangka jenggléngan tina pikiran, pangalaman, kayakinan, gagasan, rasa, jeung sumangetna, énggoning ngawangun gambaran kongkrit’.

Sastra ogé salah sahiji wujud bagéan tina kabudayaan. Ngaliwatan kabudayaan, manusa bisa ngabina interaksi jeung sasamana, jeung alam sabudeureunana, sarta ngawariskeun ajén-ajén nu dianggap mangpaat pikeun lumangsungna hirup kumbuh sacara turun tumurun, ti generasi ka generasi, dina karya sastra mah éta mangpaat téh dijadikeun salah sahiji udaganana. Éta hal téh bisa ditapsirkeun yén sastra mangrupa bagéan tina wangun kabudayaan nu sacara langsung atawa teu langsung mampu méré idéntitas nu tangtu pikeun individu atawa masarakat nu mertahankeun kabudayaanana.

Karya sastra nya éta karya seni anu digelarkeun ngagunakeun alat basa minangka karya seni, warnaning karya sastra téh dicipta salawasna napak dina usaha ngolah unsur-unsur éstétis (kaéndahan sastra). Tina ngolah unsur-unsur éstétis, karya sastra téh hayang nimbulkeun kasugemaan rasa, kasugemaan émosional, kasugemaan batintah, awor antara éfék basa (alatna atawa cangkangna), jeung eusina. Patali jeung éta hal, karya sastra téh hayang aya

mangpaatna keur nu macana (apresiator), lain waé “genah kabaca, kadengé, atawa karasa”.

Nilik wangunna, karya sastra Sunda bisa dibagi tilu golongan gedé, nya éta prosa atawa wangun lancar, puisi atawa wangun ugeran; jeung drama (carita); prosa lirik digolongkeun kana prosa. Dumasar kana warna karanganana, prosa téh ngawengku: dongéng, sketsa, carita pondok, roman, atawa novel; puisi ngawengku: Puisi nu ngawujud carita (naratif) jeung nu teu naratif. Puisi anu henteu ngawujud carita; puisi mantra (jangjawokan, parancah, singlar, jampé, asihan), kakawihan, (kawih barudak), sisindiran (rarakitan, paparikan, wawangsalan), sa'ir, guguritan (dangding), jeung sajak, puisi anu naratif; carita pantun jeung wawacan. Wangun dramatik ngawengku rupa-rupa carita drama dina ungkara dialog wanda prosa jeung ungkara dialog wanda puisi (kawih, tembang) (Iskandarwassid, 1996, kc. 138-139).

Dina hasanah sastra Sunda wawacan kaasup karya sastra wangun puisi anu kauger ku patokan pupuh. Sacara étimologis kecap wawacan asalna tina kecap waca nu hartina maca Nurutkeun Iskandarwassid (1992, kc. 168) anu dimaksud ‘wawacan téh nya éta carita anu didangding, digelarkeun dina puisi pupuh’.

Nurutkeun R.Satjadibrata (1954) “ buku carita anu didangding, biasana sok ditembangkeun Kulantaran ngalalakon, teks (wacana) wawacan umumna paranjang, mindeng gunta-ganti pupuh, biasana marengan ganti episode”.

Rusyana (1984, kc. 111) nétélakeun yén wawacan téh carita panjang anu dianggit maké patokan pupuh, jalan caritana loba bagéan-bagéanna, kitu deui palakuna jeung tempat ngalalakon loba pisan, atuh mangsa nu kacaturkeunana ogé lila. Dina wawacan mah umumna sok aya hal-hal pamohalan mungguhing ceuk akal mah, upamana palakuna sarakti, lain baé jelema, tapi jin siluman, buta, déwa, jeung sajabana, tapi wawacan anu teu pamohalan ogé aya.

Faturrohman (1983, kc. 37) nétélakeun yén wawacan téh mangrupa karangan fiksi dina wangun ugeran, nu kauger ku patokan pupuh.

Pangajaran maca wawacan mangrupa salah sahiji matéri pangajaran anu penting dina basa Sunda, sabab aya dina kurikulum pangajaran basa Sunda. Pangajaran wawacan aya di kelas VIII kalayan standar kompetensi nyaéta mampuh maca pikeun maham jeung méré tanggapan kana bacaan téks kapahlawanan, carita wawacan, sajak, jeung arguméntasi. Kompetensi dasarna nya éta maca penggalan carita wawacan. Salian ti éta, pangajaran wawacan ogé penting pikeun nambahan pangaweruh jeung pangalaman.

Pangajaran maca wawacan anu dilaksanakeun dianggap hésé ku siswa. Ieu hal bisa katingali dina mangsa proses diajar-ngajar lumangsung sarta tina hasil diajar siswa anu hésé nangkep kaidah-kaidah dina wawacan dumasar kana metodé anu biasa dilaksanakeun ku guru, biasana modél ceramah jeung demonstrasi (konvensional)

Faktor-faktor nu ngabalukarkeunnana: (1) siswa kurang merhatikeun pedaran guru dina unggal pangajaran, (2) metode anu diajarkeun ku guru monoton, (3) kurang kasadaran siswa kana pangajaran basa Sunda, hususna maca.

Tina pasualan-pasualan di luhur, disawang kudu aya tarékah sangkan pangajaran maca wawacan téh bisa leuwih ngaronjat sarta dipikaresep ku siswa. Nu jadi pasualan dina ieu hal nya éta métode (cara) pikeun ngajarkeun ka siswa nu salila ieu mah lir ibarat ngeusian kertas kosong wungkul, kudu robah oriéntasina. Prosés diajar nu dilakukeun ku siswa ilaharna kawatesanan ngan saukur nyangkem matéri pangajaran atawa nambahan pangaweruh minangka bahan ujian atawa tés. Padahal dina tungkusan KTSP kiwari, siswa dipiharep bisa ngahontal kompetensi, nya éta adumanisna pangaweruh, sikep jeung kaparigelan anu bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé.

Dumasar pedaran di luhur, perlu aya anu kudu dioméan, yén modél pangajaran anu disawang bisa ngungkulan pasualan nu keur karandapan, nya éta modél pangajaran kooperatif tipe *Cooperative Integrated Reading and Composition* (CIRC).

Alesan panalungtikan milih modél pangajaran kooperatif tipe CIRC téh lantaran dina ieu modél kawengku tilu kagiatan nya éta, maca, diskusi, jeung

nulis. Salian ti éta, modél pangajaran CIRC ogé miboga sawatara kaunggulan, nya éta: CIRC bisa digunakeun pikeun ngaronjatkeun kaparigelan siswa dina ngungkulan masalah, 2) dominasi guru dina prosés diajar-ngajar ngurangan, 3) siswa kahudang motivasina pikeun digawé sacara taliti lantaran gawé bareng dina kelompok, 4) para siswa bisa maham ma'na soal sarta silih cék pagawéan, jeung 5) mantuan siswa anu kamampuhna kurang.

Tina ieu modél dipiharep bisa ngaronjatkeun kamampuh maca wawacan sarta bisa ngawujudkeun suasana kelas anu leuwih kondusif. Hasil panalungtikan anu dilakukeun ku Tati Rosmiati, “Modél Pangajaran Kooperatif Tipe CIRC Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Maca Carita Pondok (Panalungtikan Tindakan Kelas ka siswa kelas VII-A MTsN Sindangsari Kuningan Taun Ajaran 2012/2013)” nyindekkeun yén modél CIRC bisa ningkatkeun kamampuh maca carita pondok.

Salian ti éta, hasil panalungtikan anu dilaksanakeun ku Anggi Windiasih ngeunaan “Modél *Cooperative Integrated Reading and Composition* (CIRC) dina pangajaran Narjamahkeun Wacana Basa Indonesia kana Basa Sunda (Studi eksperimen ka Siswa kelas X SMA Kartika Siliwangi 2 Bandung Taun Ajaran 2010/2011)”, nyindekkeun yén modél pangajaran CIRC bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina narjamahkeun wacana basa Indonesia kana basa Sunda. Anu pamungkas hasil panalungtikan dilaksanakeun ku Galuh Permana M.S. “Modél *Cooperative Integrated Reading and Composition* (CIRC) Pikeun Ningkatkeun Kamampuh Maca Sajak (Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa kelas IX-I SMP Negeri I Leuwiliang Kabupaten Bogor Taun Ajaran 2010/2011)”, nyindekkeun yen modél CIRC bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina maca sajak.

Dumasar kana kasang tukang masalah di luhur, panalungtik ngarasa perlu ngayakeun panalungtikan anu judulna “Modél CIRC pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Maca Wawacan (Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas VIII C SMPN I Wanayasa Taun Ajaran 2015-2016)”.

## 1.2 Watesan Masalah jeung Rumusan Masalah

### 1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang sakumahaanu geus diébrehkeun di luhur, ieu panalungtikan teh diwatesanan kana ngalarapkeun modél pangajaran kooperatif tipe CIRC dina ngaronjatkeun kamampuh maca wawacan siswa kelas VIII C SMPN I Wanayasa taun ajaran 2015-2016.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha prak-prakanana pangajaran maca wawacan ka siswa kelas VIII C SMPN I Wanayasa taun ajaran 2015/2016 ngagunakeun modél CIRC?
- b. Kumaha kamampuh maca wawacan siswa kelas VIII C SMPN I Wanayasa Purwakarta Taun ajaran 2015/2016 ngagunakeun modél CIRC dina unggal siklus?
- c. Naha modél CIRC bisa nyiptakeun suasana diajar maca wawacan anu pikaresepeun di kelas VIII C SMPN I Wanayasa taun ajaran 2015/2016?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

Unggal kagiatan tangtuna miboga tujuan nu pasti. Tujuan mangrupa hal utama sangkan panalungtikan bisa réngsé luyu jeung kahayang panulis. Ku kituna, sateuacan ngalaksanakeun kagiatan, tujuan kudu dirumuskeun sacara jéntré.

### 1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan hayang ningkatkeun kamampuh maca wawacan dina pangajaran basa Sunda kelas VIII C SMPN I Wanayasa Taun Ajaran 2015/2016, sangkan

pangajaran basa Sunda bisa leuwih dipikaresep jeung nimbulkeun kréativitas siswa.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan, nya éta ngadéskrripsikeun:

- a. Prak-prakanana pangajaran maca wawacan ka siswa kelas VIII C SMPN I Wanayasa taun ajaran 2015/2016 ngagunakeun modél CIRC;
- b. Kamampuh maca wawacan siswa kelas VIII C SMPN I Wanayasa Purwakarta taun ajaran 2015/2016 ngagunakeun modél CIRC dina unggal siklus; jeung
- c. Suasana diajar maca wawacan pikeun siswa kelas VIII C SMPN I Wanayasa taun ajaran 2015/2016 ngagunakeun modél CIRC.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan téh miboga mangpaat pikeun ngeuyeuban élmu pangaweruh ngeunaan modél-modél pangajaran hususna pangajaran maca.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nya éta pikeun siswa, guru, sakola, jeung panalungtik.

- 1) Pikeun siswa  
Ieu panalungtikan dipiharep ningkatkeun kamampuh maca wawacan, terus siswa bisa aktip dina proses pangajaran sarta bisa nambahan élmu pangaweruh jeung kaparigelan siswa dina maca wawacan.
- 2) Pikeun guru  
Ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan alternatip stratégi pangajaran utamana dina maca wawacan.

3) Pikeun sakola

Ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun asupan pikeun sakola lantaran model Pangajaran Kooperatif tipe CIRC epektip pikeun guru-guru dina pangajaran maca wawacan.

4) Pikeun panalungtik

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban élmu pangaweruh ngeunaan modél pangajaran Pangaweruh ieu modél bisa digunakeun di sakola séjén.

### 1.5 Sistematika Nyusun Skripsi

Eusi ieu skripsi kabéhanana ngawengku lima bab, anu dijerona ngébréhkeun ngeunaan penjelasan-penjelasan anu sistematis dumasar kana maksud judul bab anu didadarkeunana.

Bab I ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat teoritis jeung mangpaat praktis, jeung sistematika.

Bab II ngeunaan modél pangajaran kooperatif tipe CIRC, kamampuh maca wawacan, modél pangajaran kooperatif tipe CIRC dina pangajaran maca wawacan, anggapan dasar, jeung hipotesis tindakan.

Bab III ngeunaan desain panalungtikan, *setting* panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, analisis data, jeung prosedur panalungtikan.

Bab IV ngeunaan prak-prakan modél pangajaran kooperatif tipe CIRC dina pangajaran maca wawacan, hasil diajar maca wawacan ngagunakeun modél pangajaran kooperatif tipe CIRC, jeung suasana diajar maca wawacan ngagunakeun modél pangajaran kooperatif tipe CIRC.

Bab V ngeunaan kacindekan jeung rékoméndasi.